# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 जून 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ स्थित लोकभवन में आयोजित कार्यक्रम के दौरान प्रदेश के परिषदीय स्कूलन में पढ़े वाला छात्र–छात्रा के अभिभावकन के बैंक खाता में डीबीटी के जरिया से बारह–बारह सौ रूपिया क धनराशि भेजलें। ई धनरासि छात्र–छात्रा के यूनिफारम, जूता–मोजा, स्कूल बैग अउर स्टेसनरी के खरीदि पर खरच कईल जाई।। मुख्यमंत्री प्रदेस के अट्ठासी लाख से बेसी छात्र–छात्रा के अभिभावकन के हाथे में ई धनरासि भेजलें। येह मौका पर उहां के कहली कि बेसिक शिक्षा परिषद बीतल सात बरिस में नवाचार क कई गो कार्यक्रम के आगे बढ़वले हवे। सीएम योगी कहले कि हम सबकर जिम्मेदारी हौ कि कवनो लइका स्कूल गइले से न छूटे। .कार्यक्रम के दौरान मुख्यमंत्री कई गो  शिक्षा परिषद के एक सौ सत्तर मेधावी छात्र–छात्रा के सम्मानितो कइले। सम्मानित होखे वालन में छात्रा लोगिन क संख्या एक सौ बारह रहल। एके ले के श्री योगी कहलें ई सफलता बतावत हौ कि लइकनी लमहर छलांग लगवले हइन अउर बेटियन पर जियादा धियान दिहले क जरूरत हौ। उहां के कहलीं कि मेधावी विद्यार्थी जवन गांव के मोहल्ला के होईहें उहां के सड़क क नाव ओकरे नाव पर करावल जाई। येह मौका पर माध्यमिक शिक्षा मंत्री गुलाब देवी, बेसिक शिक्षा मंत्री संदीप सिंह के सथहीं माध्यमिक अउर बेसिक शिक्षा क सीनियर अधिकारी मौजूद रहलें।

**********

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी, एनटीए विश्वविद्यालय अनुदान आयोग क राष्ट्रीय पात्रता परीक्षा, यूजीसी–नेट क नया तारीख क घोषणा कई दिहले हवे। एजेंसी के ओरि से दीहल गइल सूचना के हिसाब से कम्प्यूटर आधारित नेशनल कॉमन इंट्रेंस टेस्ट, एनसीईटी परीक्षा दस जुलाई से अउर वैज्ञानिक आ औद्योगिक अनुसंधान परिषद–सीएसआईआर क संयुक्त यूजीसी नेट परीक्षा पचीस जुलाई से सत्ताइस जुलाई ले होई जबकि जून दुई हजार चौबीस खातिर प्रस्तावित यूजीसी नेट परीक्षा क आयोजन एक्कइस अगस्त से चारि सितम्बर के बिच्चे करावल जाई।  ओहीं अखिल भारतीय आयुष स्नातकोत्तर प्रवेस परीक्षा छौ जुलाई के होई।

**********

कर्मचारी चयन आयोग, एसएससी क मल्टी टास्किंग स्टाफ, केन्द्रीय अप्रत्यक्ष कर अउर सीमा सुल्क बोर्ड आ केन्द्रीय नारकोटिक्स ब्यूरो में हवलदार क आठ हजार तीनि सौ छब्बीस पदन पर भरती बदे आवेदन प्रक्रिया सुरू हो गईल हौ। येह भरती के जरिया से दसवीं पास लोगिन के नोकरी मिली। इच्छुक अभ्यर्थी एकतीस जुलाई के राति ग्यारह बजे ले एसएससी क वेबसाइट पर ऑन लाइन आवेदन कई सके लें।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी बिहने भिन्नहीं इग्यारह बजे आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में देस–विदेस में लोगिन के साथे आपन बिचार साझा करिहें। ई येह रेडियो कार्यक्रम क एक सौ एग्यारहवीं कड़ी होई। श्री मोदी के लगतारे तिसरकी बेरि प्रधानमंत्री पद सम्हरले के बाद मन की बात क ई पहिला कार्यक्रम होई। एके आकाशवाणी के सज्जों नेटवर्क, ए आई आर न्यूज वेबसाइट अउर न्यूज ऑन ए आई आर मोबाइल एप पर प्रसारित कइल जाई।

**********

पासपोर्ट बनवावे चाहे नवीनीकरण  बदे जरूरी दस्तावेजन के सथहीं कउनों तरह क जनकारी अब आवेदक के व्हाट्सएपो पर मिली। एकरे सथहीं कउनो समेस्या चाहे सिकाइति के समाधान क सुविधों व्हटसएप पर सुरू कइल गइल हौ। क्षेत्रीय पासपोर्ट अधिकारी शुभम सिंह के हिसाबि से पासपोर्ट विभाग क प्रक्रिया के अउरियो असान बनावे बदे ई कदम उठावल गइल हौ। आवेदक कउनो कार्य दिवस में क्षेत्रीय पासपोर्ट कार्यालय क मोबाईल नम्बर– नौ चारि पांच चारि सुन्न सुन्न चारि सुन्न नौ दुई पर आपन सनेसा भेजि सकेलें।

**********

प्रदेस में स्वच्छ ऊर्जा के बढ़ावा देवे बदे राज्य सरकार अजोध्या, वाराणसी अउर गोरखपुर में पीएम सूर्य घर रूफ टॉप सोलर योजना खातिर बड़हन पैमाना पर जागरूकता अभियान चलाई। येह योजना में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के निर्देस पर उत्तर प्रदेस नवीन अउर नवीकरणीय ऊर्जा अभिकरण, यूपी नेडा दुइ करोड़ रूपिया क धनरासि खरच करी। दुई महिन्ना ले चले वाला अभियान के ले के यूपी नेडा के ओरि से प्रक्रिया सुरू कइ दिहल गइल हौ।

**********

महान राष्ट्रभक्त महाराणा प्रताप के सहजोगी दानवीर भामाशाह क जयंती के  आजु प्रदेस सरकार के निर्देस पर राज्य के सज्जो जिला में व्यापारी कल्याण दिवस के रूप में मनावल गइल। येह मौका पर सज्जो जिला में कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइ के चुनल गइल ब्यौपारी लोगिन के सम्मानितो कइल गइल। कार्यक्रमन के जगहि पर एक जिला एक उत्पाद योजना में चुनल उत्पाद क परदरसनियो लगावल गइल।

**********

प्रदेस में मानसून क दस्तक से लोगिन के गरमी से ढेरि राहत मिलल हौ। राज्य के पूरबी अउर पच्छिमी इलाकन मे अजुओ रूकि–रूकि के बरखा हो रहल हौ। येह बिच्चे मौसम विभाग प्रदेस क सज्जो हिस्सा में अगिला दुई दिन ले गरज चमकि के साथे हल्लुक से मदि्धम बरखा भइले क अनुमान जतवले हवे।

**********